

**MOSYON POU KENBE ENFÒMASYON AN SEKRE AK
DEKLARASYON SOU SÈMAN**
G.L. c. 209A, § 8 oswa G.L. c. 258E, § 10

NIMEWO REJIS (pou tribinal la itilize
sèlman)

**Tribinal Premye Enstans
Massachusetts**



Dapre G.L. c. 209A, § 8 oswa G.L. c. 258E, § 10, adrès kay ou ak adrès travay ou:

- ap otomatikman bloke pou pa divilge bay piblik la.
- ap otomatikman bloke pou pa divilge bay akize a ak avoka akize a sof si adrès yo parèt nan Lòd Tribinal kote ou te mande pou akize a jwenn lòd pou kanpe lwen lakay ou oswa travay ou.
- ap disponib pou ou, pou avoka ou, pou moun ou bay otorizasyon pou gen aksè ladan yo, ak pou sèten moun lè li nesèsè pou yo jwenn aksè pou pran responsablite yo (pwokirè, ofisye lapolis, avoka viktim-temwen, konseye pou kadejak, epi, nan pwosè G.L. c. 209A sèlman, konseye pou vyolans nan kay).

Si ou gen rezon valab ki fè adrès ou yo pa ta dwe divilge bay moun ki ta gen aksè nan pwosesis responsablite yo, ou ka fè mosyon sa a nan tribinal la pou mande yon jij pou bay yon Lòd sezi anba Règ VIII Inifòm Tribinal Premye Enstans sou Pwosedi pou Sezi. Si ou gen rezon valab, ou ka mande yon jij pou bloke lòt enfòmasyon ki nan pwosè a pou pa kite piblik fè enspeksyon ladan yo. Ou dwe eksplike pou kisa gen yon rezon valab pou yon jij fè sa. Anjeneral, yon preferans jeneral pou enfòmasyon prive pa sèlman yon rezon ki ase pou yon jij sezi dosye tribinal pou pa kite piblik la fè enspeksyon ladan. Si ou mande yon Lòd pou sezi enfòmasyon yo san preyavi pou akize a ak nenpòt lòt moun ki entere, ou dwe eksplike pou kisa chòk imedyat ak ireparab la ka lakòz sa.

1. Dapre Règ VIII Inifòm Tribinal Premye Enstans, mwen mande Tribinal pou yo egzije:

pou **adrès kay mwen, adrès travay mwen ak/oswa adrès lekòl mwen ak nimewo telefòn mwen** rete an sekre yon fason pou yo pa divilge yo bay moun ki ta gen aksè ladan yo nan pwosesis responsablite yo.

pou **enfòmasyon sa yo ki nan dosye a** rete an sekre epi pa disponib pou enspeksyon piblik:

Mwen mande tou pou Tribinal la egzije pou kenbe enfòmasyon yo an sekre **san preyavi** akize a ak nenpòt lòt moun ki entere, paske ka gen chòk imedyat ak ireparab.

2. Demann sa a baze sou: _____

Si ou bezwen plis espas, tache lòt paj epi koche kaz sa a:

Anba menas pou sanksyon pou fo temwayaj, mwen deklare tout deklarasyon enfòmasyon mwen fè anwo a, ak nan nenpòt lòt paj mwen mete, se deklarasyon ki vrè.

DAT SIYATI (mwa/jou/ane)

SIYATI MOUN KI FÈ PLENT LAN

X

Lòd JIJ LA SOU MOSYON POU KENBE ENFÒMASYON AN SEKRE

Mosyon **AKSEPTÉ** yon sèl moun ki baze sou demonstrasyon yon rezon valab ak chòk imedyat ak ireparab ki ka genyen anvan akize a oswa nenpòt lòt moun ki entere ka tandè opozisyon an.

Mosyon **AKSEPTÉ** ki baze sou yon demonstrasyon rezon valab, apre odyans lan avèk preyavi akize a ak nenpòt lòt moun ki konsène.

Mosyon **REFIZE**.

DAT SIYATI (mwa/jou/ane)

SIYATI JIJ LA

X

Pwosedi Règ Inifòm POU Kenbe Enfòmasyon an Sekrè

Règ 1. Limit Règ yo ak Fason yo Aplike. Règ sa yo detèmine fason pou yo kenbe enfòmasyon an sekre nan pwosedi sivil nan chak Depatman Tribinal Premye Enstans. Jan nou itilize li nan dokiman sa a, "fason pou kenbe enfòmasyon an sekre" vle di aksyon pou kenbe kèk oswa tout papye, dokiman, oswa dokiman siplemantè oswa kèk pòsyon ladan yo, nan pwosè apa epi pou pa mete yo disponib pou enspeksyon piblik la. Nou dwe kwè li nesèsè pou ajoute aksyon pou kenbe rejis, endis, ak lòt dosye yo san nou pa mete yo disponib pou enspeksyon piblik la.

Sof jan sa endike nan Règ 11, règ sa yo pa dwe aplike nan papye tribinal, dokiman, dokiman siplemantè, rejis, endis, ak lòt dosye ki obligatwa pou kenbe an sekre dapre lalwa, règ tribinal, oswa lòd ki poko egzèkite.

Règ 2. Mosyon pou Kenbe Enfòmasyon an Sekrè. Yon demann pou kenbe enfòmasyon an sekre dwe fèt nan mosyon alekri ki dwe endike rezon pou sa epi li dwe gen ladan yon deklarasyon alekri pou rezon ki sipòte demann lan. Mosyon an dwe dekri avèk patikilarite dokiman yo vle kenbe an sekre yo ak peryòd tan yo vle kenbe yo an sekre.

Yon mosyon pou kenbe enfòmasyon yo an sekre dwe vini ansanm avèk deklarasyon sou sèman ki sipòte li. Anjeneral, sof si yo bay lòt enstriksyon, règ ki detèmine mosyon ak deklarasyon sou sèman yo nan pwosedi sivil yo dwe aplike pou demann pou kenbe enfòmasyon yo an sekre.

Ou ka mande yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre anvan ou depoze dokiman ou vle pou yo kenbe an sekre yo.

Règ 4. Demann yon Sèl Pati pou Kenbe Enfòmasyon an Sekrè. Tribinal la ka akòde lòd yon sèl moun pou kenbe enfòmasyon yo an sekre san preyavi sèlman avèk mosyon alekri ki sipòte avèk deklarasyon sou sèman nan manyè ki endike nan Règ 2 ak sèlman depi ou montre ka gen chòk imedyat ak ireparab anvan yon moun oswa yon twazyèm moun ki enterese kapab tandè nan opozisyon. Yon lòd yon sèl pati pou kenbe enfòmasyon an sekre dwe ekspire lè li fini avèk tan apre antre a, ki pa depase dis (10) jou, jan tribinal la fikse sa, sof nan tan ki fikse a, tribinal la ap pwolonje lòd la.

Si tribinal la akòde yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre san preyavi, afè a dwe fikse pou odyans nan premye moman ki posib, oswa nan nenpòt odyans nan dis (10) jou. Nan preyavi de (2) jou yo bay moun ki te jwenn lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre san preyavi oswa sou yon preyavi ki kout jan tribinal la ka deside, yon moun oswa yon twazyèm moun ki enterese ka mande modifikasyon oswa sispansyon.

Ou ka mande yon lòd yon sèl moun pou kenbe enfòmasyon an sekre anvan ou depoze dokiman ou vle pou yo kenbe an sekre yo.

Règ 4. Preyavi. Sèvis mosyon an pou kenbe enfòmasyon an sekre ak deklarasyon sou sèman dwe fèt bay tout moun dapre Règ Pwosedi Sivil Massachusetts.

Anvan odyans lan, tribinal la ka egzije pou yo bay preyavi pou twazyèm moun ki enterese yo ki ka pa moun ki nan aksyon an, tankou moun ki endike nan dokiman ou vle pou yo kenbe an sekre a. Ou dwe bay twazyèm moun ki enterese yo preyavi nan manyè jan tribinal la ka egzije.

Règ 5. Opozisyon pou Demann pou Kenbe Enfòmasyon an Sekrè. Nenpòt moun oswa twazyèm moun ki enterese ki te resevwa avi a dapre Règ 4 règ sa yo ka bay deklarasyon sou sèman ki opoze nan egzaktman yon jou anvan odyans lan, sof si tribinal la bay pèmision pou yo bay deklarasyon an yon lòt lè.

Règ 6. Mosyon Moun Endepandan pou yo Tande. Yon moun ki pa t resevwa avi dapre Règ 4 règ sa yo epi ki vle pou yo tande yo pou li kapab mande oswa opoze demann pou kenbe enfòmasyon an sekre ka bay tout moun yo yon mosyon alekri ki sipòte avèk deklarasyon sou sèman an.

Règ 7. Odyans. Tribinal la ka bay yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre, apre odyans lan, pou rezon valab ki endike epi dapre lwa ki anvigè. Lè tribinal la ap detèmine rezon valab, tribinal la dwe konsidere tout faktè enpòtan yo, tankou, men pa sèlman, kalite moun yo ak polemik, kalite enfòmasyon ak enterè ki konsène pou enfòmasyon prive, limit enterè komnote a, ak rezon (yo) pou demann lan. Akò tout moun oswa twazyèm moun ki enterese yo anfavè demann pou kenbe enfòmasyon an sekre pa dwe ase sèlman pou reprezante rezon valab.

Kote yon odyans piblik ka riske divilgasyon enfòmasyon yo ap chèche kenbe an sekre yo, tribinal la ka fèmen odyans lan pou piblik la. Si yon odyans fèmen pou piblik la, yo dwe konsève yon dosye pwosedi a nan estenografi oswa nan yon aparèy anrejistreman. Yo dwe fè etap apwopriye pou konsève sekre dosye a.

Règ 8. Lòd pou Kenbe Enfòmasyon an Sekrè. Yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre, kit se yon sèl moun oswa apre avi, ka fèt sèlman sou rezilta alekri. Yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre dwe endike sitou ki dokiman yo dwe kenbe an sekre, epi, kote li apwopriye, ka endike kijan pou yo aplike fason pou kenbe enfòmasyon yo an sekre. Yo dwe apwouve yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre avèk dat yo bay lòd la, epi lòd la dwe endike dire a.

Nan lòd tribinal la bay la, tribinal la ka kite moun ki pa moun ki dekri nan Règ 9 règ sa yo gen aksè nan enfòmasyon yo kenbe an sekre yo, epi tribinal la ka egzije pou yo efase oswa note sa ki apwopriye nan rejis sivil la ak endis grefyè a konsève yo.

Règ 9. Responsablite Grefyè a. Lè gen yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre, grefyè a dwe mete yon nòt nan rejis sivil la pou endike ki dokiman yo dwe kenbe an sekre. Yo dwe kenbe tout dokiman sekre yo apa avèk lòt papye ki nan pwosè a epi dokiman sa yo pa dwe disponib pou enspeksyon piblik la. Dokiman yo kenbe an sekre yo dwe disponib pou tribinal la, avoka dosye a, moun ki nan pwosè a, ak grefyè a, sof sitribinal la bay lòt endikasyon.

Règ 10. Modifikasyon oswa Sispansyon. Yon moun oswa nenpòt twazyèm moun ki enterese, kit li jwenn anvi kit li pa jwenn avi anba Règ 4 règ sa yo, ka, dapre mosyon ki sipòte avèk deklarasyon sou sèman an, chèche modifè oswa sispansyon yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre.

Règ 11. Dokiman pou Kenbe an Sekre Dapre Lalwa oswa Règ. Règ sa a aplike pou demann reparasyon nan kenbe dokiman an sekre nan pwosè kote dokiman yo obligatwa pou kenbe yo an sekre dapre lalwa, règ tribinal, oswa lòd ki poko egzèkite, sof kote yo bay yon pwosedi diferan.

Ou ka chèche jwenn reparasyon nan dokiman pou kenbe an sekre avèk mosyon ki sipòte avèk deklarasyon sou sèman, epi tribinal la ka akòde li sèlman dapre desizyon alekri. Pwosedi ki endike nan règ sa yo dwe detèmine demann pou reparasyon nan enfòmasyon pou kenbe an sekre nan limit ki posib.

Règ 12. Revizyon. Yon lòd pou kenbe enfòmasyon an sekre oswa pou refize kenbe dokiman an sekre depann de revizyon yon sèl jij koudapèl dapre dispozisyon lalwa epi ki annamoni avèk pwosedi ki endike nan Règ 1:15 Règ Tribinal Lajistis Siprèm.